

**Deklarasyon sou Sansibilizasyon COVID-19 la pou
Asistans Paran/Responsab Legal**

Revize 9/3/20 Mezi k ap pran pou pwoteje sante ak byennèt elèv CCPS ak ekip la se yon priyorite. Tanpri gade kominike Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) - Sa ou sipoze konnen sou COVID-19 la pou pwoteje tèt ou ak lòt, epi Sentòm Kowonaviris yo.

Siy ak sentòm COVID-19 ak COVID-19 tankou maladi ak nenpòt nan sentòm sa yo:

Tous	'Souf kout
*Difikilte pou ou respire	'Vin pa pran gou ak sant

Oubyen omwen **de** nan sentòm sa yo:

*Lafyè (100.4 oubyen pi wo)	'Si ou gen frison ou kò tranble	'Tèt fè mal
*Doule nan mis	'Gòj fè mal	'Gwo fatig
*Dyare	'Kèplen oswa vomisman	
'Nèn bouche oubyen nen koule		

Sa ki obligatwa pou ka ale lekòl an pèsòn:

- Paran/responsab legal yo sipoze revize epi siveye sentòm pitit yo epi espozisyon ak risk yo chak jou. Depistaj tanperati sipoze fèt anvan yo repòte l lekòl la.
- **Elèv yo pa ka al lekòl oubyen nenpòt aktivite lekòl yo si yo:**
 - o montre nenpòt siy/sentòm COVID-19
 - o si yo soti pran kontak sere (nan limit 6 pye pou omwen 15 minit) ak yon moun ki teste pozitif ak COVID-19 oubyen ki montre yo gen sentòm ki sanble ak COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo
 - o si yo dekouvri ou gen COVID-19 oubyen yon pwofesyonèl swen sante nan depatman lasante mande pou yo izole w oubyen mete w an karantèn.
- Yo sipoze kontakte enfimyè lekòl la si elèv la pa ka ale lekòl la.
- Si yon elèv vin malad pandan li ale lekòl an pèsòn paran/responsab legal yo ap asire ke yo vin pran yo alè tapan epi respekte karantèn ki rekòmande pou yo pran oubyen izolasyon jan yo rekòmande a.
- Elèv yo sipoze san lafyè (mwens ke 100°F) pou 24 èdtan san yo pa itilize medikaman pou ede yo ak lafyè la pou l ale lekòl.
- Elèv ki nan 5 lane ak sa ki pi gran sipoze pote mas pou kouvri figi yo pandan yo lekòl, nan bis lekòl la, amwenke li gen yon andikap bonafide oubyen yon kondisyon medikal.
- Elèv ki gen laj pi ba ke 5 lane sipoze pote mas pou kouvri figi yo pandan yo lekòl, nan bis lekòl la, amwenke li gen yon andikap bonafide oubyen yon kondisyon medikal. Yo rekòmande pou kouvri figi elèv preskolè si yo byen pote l nan figi yo.

Mwen li enfòmasyon ki nan pakè sa epi m pral swiv rekòmandasyon yo pou pitit mwen lè yo al lekòl an pèsòn oubyen nenpòt aktivite lekòl yo.

Paran/responsab legal

Dat

Non Elèv la

Lekòl ak nivo klas

Sentòm Kowonaviris la (COVID-19)

Konnen sentòm COVID-19 yo ki ka gen ladan yo:



Sentòm yo varye ant lejè ak maladi grav, epi parèt 2-14 jou apre ou espoze ak viris ki lakoz COVID-19.

Chache swen medikal imedyatman si yon moun gen ijans avètisman COVID-19.

- Difikilte pou respire
- Doulè oswa presyon nan pwatrin ki pa janm soulaje nan pwatrin
- Nouvo Konfizyon
- Abilite pou leve epi rete je klè.
- Bouch oswa figi ble


Lis sa pa genyen tout sentòm yo ladanl. Tanpri kontakte moun ki responsab pou ba w swen medikal pou nenpòt lòt sentòm ki grav oswa ki ba ou enkyetid.



cdc.gov/coronavirus

Sa ou dwe konnen sou COVID-19 pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.

Konnen sou COVID-19



- Kowonavirus (COVID-19) se yon viris ki lakòz maladi epi li ka simaye ant moun a moun.
- Viris ki lakoz COVID-19 se yon nouvo kowonavirus ki pwopaje atravè lemond.
- Sentòm COVID-19 yo varye ant lejè (oubyen san sentòm) jiska maladi grav.



Pratike Distans Sosyal

- Al nan makèt ak remèd, al ka doktè, epi konplete aktivite labank sou entènèt lè sa posib.
- Si ou dwe ale an pèsòn, rete omwen a 6 pye distans ak lòt moun yo epi dezenfekte atik ou manyen yo.
- Pran livrezon ak kòmman, epi limite kontak moun ak moun toutotan posib.

Konnen kòman COVID-19 pwopaje



- Ou kapab enfekte si ou soti pran kontak sere (anviwon 6 pye oubyen longè de bra w) ak yon moun ki gen COVID-19. COVID-19 pwopaje premyeman de moun ak moun.
- Ou kapab vin enfekte nan ti gout dlo ki soti nan nen moun lè yo estènen, touse oubyen pale.
- Ou kapab pran l tou lè ou manyen sifas oubyen bagay ki gen viris la sou li, epi lè ou al manyen bouch ou, nen ou, oubyen je ou.



Prevni pwopagasyon COVID-19 si ou malad

- Rete lakay si ou malad, esepite pou pran swen medikal.
- Evite transpòtasyon piblik, woulib, oubyen taksi.
- Separe tèt ou ak lòt moun ak zannimo ki lakay ou.
- Pa gen yon tretman espesifik pou COVID-19, men ou kapab chache swen medikal pou ede aleje sentòm yo.
- Si ou bezwen atansyon medikal, rele.

Pwoteje tèt ou ak lòt kont COVID-19 la



- Pa gen vaksen aktyèl pou pwoteje moun kont COVID-19 la. Meyè fason pou pwoteje tèt ou se pou evite ale kote moun gen viris akòz COVID-19.
- Rete lakay ou toutotan ou kapab epi evite rete pre lòt moun. l
- Pote mas nan figi ou pou kouvri nen ak bouch lè ou nan piblik.
- Netwaye ak dezenfekte sifas moun touche souvan yo.
- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwens 20 segonn, oubyen itilize dezenfektan abaz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl.



Konnen risk ou pou maladi grav:

- Tout moun alawonnbadè riske pran COVID-19.
- Moun ki pi majè ak moun nenpòt laj ki gen kondisyon medikal ki grav

